ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№216 (21.874) ● 2010 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлІэу УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр цІыхуэм ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

ПщІэ зыхуэсщІ муслъымэнхэ, Кавказ Ищхьэрэм и цІыхухэ!

Си гуапэу сыныводхьэхуэу къурмэн махуэшхуэмкІэ, хьэжыщІыр щаух махуэмкІэ.

А махуэшхуэр исльамым и гуфІэгъуэ махуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Къурмэныр гъэлъэпІэныжмкІэ лІэщІыгъуэ Іэджэ зыбуаз кьеклуэкІ хабзэр цІыхухэр зэкъуэгъэувэныжкІэ кьаруэ лъэщщ, ар цІыхухэмра зэгурыІуэныгъэмрэ я дамыгъэщ икІи Урысейм щызэрахъэ дин псоми итхэм ялрэгъунэгъу хабзэщ.

Сэ шэч кьытесхьэркъым фІэщхъуныгъэр и лъабжьэу зызыужь Кавказ зэрызэтедгъэувэфынум. Исльам диным итхэм я гур кьабзагъэм зэрыхуэгъэзэм икІи лэжьыгъэм зэретам кьыхэкІыу мусЪыманэхэр кьэрал властым и щІэгъэкъуэн пэжщ икІи дэлэпкъуэгъу лъэщщ.

Кавказ Ищхьэрэм и муслъымэн псоми си гуапэу сохъуэхъу мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

Дамыгъэ лъапІэ

Илъэс кущ лъандэрэ хьэлэлу зэрыжалъэм икІи егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я ІэнатІэм фІыщІэ ин зэрыщІэм папщІэ **Нэхущ Іэдэм Мэрем и къуэм** - Урысей щІэныгъэхэмкІэ и академием и Іэхунэ Іапіэм - Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэм, Урысей Федерацэм и Президентым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м кьыдигъэкІа Указ №1400-мкІэ кьратащ ЦІыхьэ орденыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и щІэныгъэлІ цІэрыІуэм а дамыгъэ лъапІэмкІэ ехъуэхъуащ.

Щоджэн Іэсхьэд и пщІэр яІэт

Адыгэ Республикэм и пащхьэ хэхаэу ефыщІэшхуэ зэрыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм папщІэ, Адыгэ Республикэм и Президент Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий «Адыгэйм и ЩІыхь» медалыр хуигъэфэщащ **Щоджэн Іэсхьэд Хьэзрэт и къуэм** - биологие щІэныгъэхэм я докторым, профессорым, Урысейм Мэкъумэш щІэныгъэмкІэ и академием ПрунужьмкІэ и урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІым и къуэдзэм, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Кубань къэрал аграрнэ университетым агрохимиемкІэ и кафедрэм и унафэщІым.

Къуэдзэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ къалэр къуэзэрызэрагъэпэщІэ итлъэс 245-рэ зэрырикъумрэ Тэрч-Балъкъ къэзакъ жылагъуэ округыр къуэзэрызэрагъэпэщыжкІэ итлъэс 20 зэрырикъумрэ. А юбилейм хэтыну прохладнэдэсхэм хьэщІэ куэд кьахуеблэгъащ.

Меркулов Александр, Пархоменкэ Юлие, Атмурзаев Исмэхыл, Сэхъуроокъуэ Хьэутий, Кьаздэхъу Альберт сымэ Прохладнэ ремонт заводым и лэжьыгъэм щыгъуазэ защІ.

Тхьэмахуэ махуэм Прохладнэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ къалэр къуэзэрызэрагъэпэщІэ итлъэс 245-рэ зэрырикъумрэ Тэрч-Балъкъ къэзакъ жылагъуэ округыр къуэзэрызэрагъэпэщыжкІэ итлъэс 20 зэрырикъумрэ. А юбилейм хэтыну прохладнэдэсхэм хьэщІэ куэд кьахуеблэгъащ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Меркулов Александрэ абы щыгъуэмрэ псом япэу щыІащ Ленин орден зезыхьэ «Прохладнэ» ремонт завод акционер обществэм мэкъумэщ Іэмэпсымэхэм я выставкэу кьыщызэрагъэпэщам. Нэгъабэ илъэсищэ ирикъуа предприятэм и пщІантІэм щагъэльэгъуэрт мэкъумэщ техникэ щыІнымкІэ дуней псом щыпашэ предприятэу Белоруссием, Польшэм, ди къэралым щыІэхэм я продукцІэр. Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и Министерствэм и Къаздэхъу Альбертрэ предприятэм и генеральнэ директор Атмурзаев Исмэхылрэ премьерым хуаІуэтащ заводым и Іэхъу зыІутыр, мэкъумэщ Іэнатіэм нэхъ щІэупщІэшхуэ щызыІэ техникэр зыхуэздэр. Меркулов Александр выставкэр ягу ирихьащ икІи жиІащ мэкъумэш техникэр кьыщыхьахкІэ абы ирилэжьнухэр нэхъ зэрытыншынур кьэлъытэн зэрыхуейр. Заводым и зэфІэкІым и гугъу щищІым, Правительствэм и Унафэщым кьыхигъэщхьэхуклащ кьэралым нэхъ щІэупщІэшхуэ щызыІэ техникэм и пкъыгъуэхэр гъэхьэзырыным хэлажьэ гулытэ зэрыхуэщІыпхъэр. Премьерым кьигъэщащ абы тёухуа бизнес план зэхалъхьэу КъБР-м и Президентым и деж Инвестицэхэмкіэ щыІэ советым кьыщыхьалъхьэну.

Атмурзаев Исмэхыл кьыхигъэщІхьэхуКІащ щІэупщІэ зыІэ продукцэ кьыщІэхьэныным предприятэм и унафэщІхэр хэхаэу Іэрегупсысыр. Иджыпсэ Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырыным предприятэм и лэжьакІуэхэр нэхъыфІу хагъэззэгъэн папщІэ, Польшэм щыщ «Пронор» предприятэм зэгурыІуэныгъэ иращыІащ.

КьаГэм и ут нэхъыщхьэм щыІэхьэхьа зэІущІэшхуэм кьыщыщыпсалъэм, кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхэ Пархоменкэ Юлие зэхъуэкІыным и цІыхухэр егупсысу зэрыгъэлажьэр, екІуэм зэрызагъэпсэхуэр кьыхигъэщащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр, абы и къудзэ Сэхъуроокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и ящІ къудзэ Жаным Руслан, «Россия» Урысейпсо телеканалым (УКъТРК-м) и унафэщІым и къудзэ Земцов Петр, фестивалым и жюрим и тхьэмадэ, «Россиа» телеканалым и спецкорр. Сладков Александр сымэ.

Фестивалым хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым къэІуа хьэщІэхэм тхыгъэ гуапэкІэ зэхуигъэзащ республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен.** Абы кьеджащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр.

«ЕплІанэу КъБР-м и кьалащхьэ Налшык къыщыгъэІуах телевизионнэ хьыбарыщІэ нэгьыхэм я Урысейпсо фестивалыр. Абы и фІэщыгъэцІэмн, и мурадхэмэ зихъуэжкъым: «Мамырыгъэ. ЗэгурыІуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ». А псальэхэр лъапІэщ сыт хуэдэ жылагъуэми кьэралми я бзаджэ. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэ, зэныбжьыгъуэгъэр, лъэпкъ зыри щызэмыкІуэжьфу, ІуэхумкІыхьэхуей хуэщІ, хабзэхъуэмэхэр. Абыхэм ящыщ зым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр игъуэтащ, чэф зиІэ ныбжьыщІэхэм кьаэхэхуати. Хьэйм икІахэм ящыщ зыбжанэ ящыбдын хуей хуащ.

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 16, гъубж

◆ **Шы1эныгъэм теухуа дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщщхьэм къызэрыхилъхьам ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ 1996 гъэм кьыщыкІэдзауэ.

◆ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1945 гъэ) кьызэрагъэпэщащ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм ехьэлІа Іуэхухэмкіэ и зэгуэныгъэр (ЮНЕСКО).

◆ Щэкіуэгъуэм и 16 - 20-хэм Мехикэ (Мексикэ) щекІуэкІынущ «Зэкъуэуэ кьалэхэмрэ щІыпІэ властхэмрэ» зэгуэхьэныгъэм и III дунейпсо конгресс.

◆ Щэкіуэгъуэм и 16 - 21-хэм Баку (Азербайджан) уэрэджыІакІуэхэм я дунейпсо зэпеуэ щекІуэкІынущ Іюль-Бюль оглы и цІэкІэ.

Щэкіуэгъуэм и 17, бзэрэжьей

◆ **Студентхэм я дунейпсо махуэщ.** 1946 гъэм ягъэуващ.

◆ Щэкіуэгъуэм и 17 - 18-хэм Москва щекІуэкІынущ «Иджырей жылагъуэм щэнхабзэ щІэинхэр зэрихъэкІуэр» конференцыр. Ар тёухуащ Москва и Кремлымрэ Ут Плъыжьымрэ ЮНЕСКО-м и щэнхабзэ щІэинхэм зэрыхагъэхьэрэ илъэс 20 зэрырикъум.

◆ Щэкіуэгъуэм и 17 - 28-хэм Стокгольм (Швеце) щекІуэкІынущ 21-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

◆ 1920 гъэм Бгырыс АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

◆ 1943 гъэм Яхэгуауэ Михаил Совет Союзым и Плъыжьыкъ щІэ лъапІэр кьыфІащащ.

Плъагъэпэр зыгъэхьэзырар ШАП Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущигъэ:

Куэдрэ даІуэ, мащІэ Іуатэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и «Ищщэ утыку» япэ театр фестивалым хэтхэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэщІэкІэ фІы и щІыналъэм си гуапэу сэлам щывызох Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и «Ищщэ утыку» япэ театр фестивалым хэтхэмрэ абы кьрихьэлІа хьэщІэхэмрэ.

Фестивалым щІыналъэм щыІэ театр гуп нэхъыфІхэр кьызэхуищэсащ икІи абыхэм я дежкІэ ар Іэмал гъэзэждэжщ лъэжьэкІэкІэ зэхъуэжьнымкІэ, творческэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьынымкІэ, хабзэщІэхэр зэтегъэувэнымкІэ, иджырей драмэ театрым и зыужьныгъэр унэтІынымкІэ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, ар театр еплъхэм я дежкІи гуфІэгъэшхуэщ, сыту жыпІэмэ абыхэм Іэмал ягъуэт щІыналъэ лъэпкъ театрхэм я спектакль нэхъыфІхэр зрагъэльэгъуну, гъуазджэм и фІыгъуэхэм щыгъуазэ защІыну.

Фи творческэ зэхьыхьэщхуэм и мурадыр гуманизмэр, мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэнырщ. А фІыгъуэ мыкІуэдыжхэрщ мы Іуэхум жылагъуэр кьыхэхьыщэр икІи иджырей зэманым кьигъэув Іуэху нэхъ гугъу дыдэхэр дэгъэкІыным и хэкІыпІэхэр зыубзыхур, цІыхур псэкІэ нэхъ кьулей зыщІыр. Щэч кьытесхьэркъым ди щІыналъэм иц лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр дяпэкІи гъэбыдэнымкІэ, театрым и хабзэ гъуэзэджэхэу гуапагъэмрэ захуагъэмрэ зи лъабжьэхэр хьумэнымкІэ, абыхэм зегъэужьынымкІэ фестивалым мыхьэнэщхуэ зэриІэнум.

Си гуапэу сыныводхьэхуэу мы фестивалыр егъэкІуэкІыныр хабзэу увыну икІи абы хуэфащэн увыпІэ Урысейм и щэнхабзэ гъащІэм щиубыдыну.

Студентхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен цІыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ! Си гуапэу сыныводхьэхуэу Студентхэм я дунейпсо махуэмкІэ! Студент лъэхъэнэр гъащІэм и ІыхЪэ нэхъыфІ дыдэу кьыщІэкІынуц, сыту жыпІэмэ, ар илъэс нэхъыфІ дыдэхэрщ, ар гурыфІыгъэщ, зи гугъапІэ псори кьэкІуэнум хуэунэтІа цІыхухэм я зэкъуэшыгъэщ.

ФЭ, иджырей лъэхъэнэм еджэ студентхэм, фи гъащІэмрэ лэжьэгъуэмрэ зэман мытынщым, ауз дунейпсо зэхъуэкІыныгъэхэм, кьэралым и кьэщІэрэщІэжьныгъэм я лъэхъэнэ хьэлэмэтым хиубыдащ. ЩІалэгъуалэм, псом япэу, абыхэм ящыщу нэхъ пэрыт Іыхьэм - студентхэм - щІэм, ефІэкІуэныгъэм пыщІа псори псынщІэу кьащтэ. Фэращ ди кьэралыр къэгъэщІэжьынымкІэ мурадхэр зыгъэзэщІнур, иджырей Урысейр кьэзыгъэщІэрэщІэжьынур. Фэ куэдкІэ фэлъытащ дызэрыт лІэщІыгъуэм абы дуней псом щиІныгъуэ увыпІэмрэ щигъэзэщІэну кьалэнхэмрэ зыхуэдэнур. Абы кьыхэкІыу фи кьарум зыкьызэхъуихьи, зиужьын, фэ иджырей щІэныгъэ зэвгъэгъэутын, творческэ, жылагъуэ Іуэхухэм фыхэтын папщІэ фызыхуеину псори доГэжь, дяпэкІи длэжьынущ.

ПщэдейрэІ махуэм тегушхуауэ фыхуэкІуэну, щІэныгъэм и ГьагапІэхэм фынэсыну, зэчиишхуэ зыбгъэдэль, Іуэхум дихьэх егъэджакІуэхэр фиІэну сыныводхьэхуэу.

● Республикэм и куейхэм

ХэкІыпІэхэр щыІэщ

Тэрч районым и мэкъумэщыщІэхэм кьыхэрапльэмкІэ, хадзэжьым елэжьныр мы щІыпІэмкІэ нэхъ фейдэ зыпылъ ІэнатІэщ. Куей администрацэм бэджэндырылажьэхэм чэнджэщ ящтащ гъуэгу Іуфэхэм Іуль щІыхьэм я нэхъыбэр хадэхэкІым хухэхауэ абы егупсуу елэжьыну.

Районыр унафэщІхэм апхуэдэу кьыхагъэщ хадэжькІ куэд пщІэн и пэ кьихуэу тонн мини 5 мынэхъ мащІэ зыщІэхуэн хьумапІэхэр ухуэн зэрэхуейр. Мы Іуэхум иджыпстукІэ хопльэ икІи абы хэкІыпІэ хуэхъуэжмкІэ зочэнджэщ.

Гъатхэ дызыхуэкІуэм щыщІэдзауэ куейм и жылагъуэ кьэс хадэжьэкІыр гектар 50 мынэхъ мащІэм щыхасэну Іэмал ягъуэтынущ. КъимыдзкІэ, район унафэщІхэм я мурадщ хадэжькІымрэ гъавэмрэ щІыхуэм я деж кьыщызыщэку кооперативэр, мэкъумэш техникэхэр щызэрагъэпэщыж станцэр кьызэІуахыну. Мы Іэнатіэхэм зэщІэгъэуІуауэ лэжьэн щІадзэмэ, щІым кьытекІар щэнымкІэ мэкъумэшыщІэхэр гугъу ехьынукъым, хадэхэкІыр зыхуэй хуэзэу зыхъуэмэнуэхри фейдэнщэ хьунукъым. Апхуэдэущ бэджэндырылажьэ куэд зэкъуэувэу зэдэлэжьэнри эжьІапІэ щьхэхуэу кьагъэльагъуэ.

ЛЬОСТЭН Муэ.
Тэрч куей.

Тыншыжахэщ...

Къэшкъэтау кьыщызэІуахащ автотранспортым и техникэ щытыкІэр кьыщапщытэ, ар ягъэлажьэну зэрыхуитымкІэ талонхэр щрат станц. А Іуэхущапіэр кьызэгъэпэщыным я мыльку хальхьащ хьэрычэтыщІэ машІэм, курытым щылажьэхэмрэ «Къэбэрдей-балъкъэрпотребсоюз»-мрэ.

Ялэм автомобилым и щытыкІэр кьапщытэн папщІэ, куейм щыпсэу цІыхухэр Налшык кІуэу я махуэ псокІэ чэзум хэтын хуейт е маэзм тІэу Къэщцкъэтауэ кьакІуэурэ а лэжьыгъэр зэфІэзыгъэкІ Іэщіагъэлілхэм пэплъэт.

Іуэхущапіэм кьыхуащхьэ Іэмэпсымэм хуэдэ зиІэ предприятэ республикэм щыІэкъым. Автотранспортым и ныкьусанагъэхэр кьыщапщытэ лъэщапІэм и лэжьэкІэм видеокІэ сурэт тхах, дэтхэнэ автомашинэми и лэжьэкІэр, пкъыгъуэхэм тет бжьыгъэхэр кьыщэрапщыта щыкІэм хабзэхьумэ е нэгъуэщІ органэр хуэныкьуэ хьумэ, хуагъэльэгъуэжьфын папщІэ. Ар и щыхьэтщ Іульхьэ ёпту, уи транспортым и техталоныр зыІэрыбгъэхьэнкІэ Іэмал лъэпкъ зэрыщымыІэми. Іуэхущапіэм щекІуэкІ лэжьыгъэ псоми хэтщ КъБР-м и МВД-м регистрацэ-экзамен лэжьыгъэмрэ транспортым и техосмотрымкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэр.

КьишыэмыщІауэ, цІыхухэр егъэтынщ техосмотрым, автостраховани щатын хуей ахьыщр, абы пыщІа Іуэху гугъуэхэр псынщІэу зэфІэзыгъэкІ терминалым. Техосмотрыр Къэщкъэтау щебгъэщІмэ, уи автомашинэр зыщыщ лІэужьыгъуэм елытауэ, Іуэхум хуэдэущ дакьикъэ 20-м щыщІэдзауэ 40-м нэсщ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.
Шэрэдж куей.

Мэз лэжьакІуэхэр бэлэрыгъыркъым

Іуащхьэмахуэ и мэз хозяйствэм и лэжьакІуэхэм щІымахуэм зыхуагъэхьэзыр. ЗыгъэпсэхупІэ куэд зэрыщыІэм кьыхэкІыу, мы щІыпІэр нэхъ цІыху кІуэнІэщ. Щ1ыхуэм мы куейм зэрызыщагъэпсэхуэр, я нэгу зэрыбэщтмужьыр - ящІэ ящІэ мы щІыпІэхэм я зэран кьыщыхэкІи щыІэщ.

Апхуэдэу мэз лэжьакІуэхэр егъэплЪитей республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэ нэхъыщхьэхэр сыт щыгъуи зыІэдаХэу щыта псей абрагъуэхэр зэрыгъужьым. ІэщіагъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, абы и щхьэусыгъуэр кьурш лъапІэ мэзхэм транспорт кьэдыщІэ щызекІуэ зэрыхьэрщ. Жыггэр егъэгъу машинэхэм кьапих Іугъуэмрэ гъуэзывмрэ. Ауэ щыхьэкІэ Іуащхьэмахуэ и парккэм транспортыр емыкІуэлІэным хуэгъэпсы зи закони иджыпстукІэ щыІэкъым. Кьэнэжьыр езы іэрыжьакІуэхэм я кьарурхІэ псей жыг хэгъуэкІхэм я пІэкІэ щІэхэр хасэнырщ. Иужьрей зэманым хозяйствэм кьегъэщІыта мэзхэм щыкІ жыгхэм хэщІыныгъэшхуэ ягъуэтащ дуней кьэхъуэкьащІэхэм я зэранкІи.

2010 гъэм кьриубыдэу мы щІыпІэм псей жыгыщІэ минипи 6-м нэс щыхасэжащ. Ар кеІтари 2-м нос. Ахэр кьанэ щагъуэ щымыІэу хьэрэнэу хэкІащ, щымахуэ лъэхъэнэр зэрырахьыныр хуэдэуи щыгъэпщэрэжькІэ елэжьыжащ. 2011 гъэми жыгыщІэхэр хасэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.
Іуащхьэмахуэ и куей.

Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

Нэхъыфіыр наІуэт

Фестиваль

Нэхъапіэхэр ди газетым зэрытетащи, щэкІуэгъуэм и 12 - 14-хэм Налшык щекІуэкІащ телевизионнэ хьыбарегъащІэ нэгьыхэм я «Мамырыгъэ. Зэкъуэтыныгъэ. ЗэгурыІуэныгъэ» IУ Урысейпсо фестивалыр.

АР КЪЫЩЫЗЭІУАХЫМ кьрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ, фестивалыр кьызэгъэзэнэщ комитетым и Іэтащхьэ **Сэхъуроокъуэ Хьэутий,** республикэм и Парламентым и Тхьэмадэм и ящ къудзэ **Жаным Руслан,** «Россиа» Урысейпсо кьэрал телерадиокомпаниэм (УКъТРК-м) и унафэщІым и къудзэ **Земцов Петр** сымэ.

ЩэкІуэгъуэм и 13-м хьэщІэхэр - Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унэм щыІущІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр,** абы и къудзэ Сэхъуроокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и ящ къудзэ Жаным Руслан, «Россия» Урысейпсо телеканалым (УКъТРК-м) и унафэщІым и къудзэ Земцов Петр, фестивалым и жюрим и тхьэмадэ, «Россиа» телеканалым и спецкорр. **Сладков Александр** сымэ.

Фестивалым хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым къэІуа хьэщІэхэм тхыгъэ гуапэкІэ зэхуигъэзащ республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен.** Абы кьеджащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр.

«ЕплІанэу КъБР-м и кьалащхьэ Налшык къыщызэІуах телевизионнэ хьыбарыщІэ нэгьыхэм я Урысейпсо фестивалыр. Абы и фІэщыгъэцІэмн, и мурадхэмэ зихъуэжкъым: «Мамырыгъэ. ЗэгурыІуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ». А псальэхэр лъапІэщ сыт хуэдэ жылагъуэми кьэралми я бзаджэ. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэ, зэныбжьыгъуэгъэр, лъэпкъ щэнхабзэхэр зэрызэблагъэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал Совет-Парламентым и щэнхабзэ комитетым и Унафэщі Ахъмэдрэ Ахъмэдрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ и институтым и унафэщІым и къуэдзэм, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Кубань къэрал аграрнэ университетым агрохимиемкІэ и кафедрэм и унафэщІым.

(КІуэхьыр 2-нэ нап.).

Махуэшхуэр щекІуэкІым.



Иджы етхуанэр

Краснодар крайм щыІэ Кущевская станицэм унагъущым я цІыху 12 хьэкІэхъуэкІагъэ хэлъу щызэтезыукІахэм ящыщу зыхуагъэфащэ етхуанэри яубыдащ. Ар 1977 гъэм кьалъхуа цІыхухьущ.

Фигу къэдгъэкІыжьищи, щэкІуэгъуэм и 5-м и жэщым бзаджэнаджэ гупым зи цІэр кьитІуа жылагъуэм щІэпхъэджагъэ хьэлъэ дыдэ щызэхащІыхьащ. Абыхэм яуклІахэм яхэтщ мазэ бжьыгъэ фІэкІа зи мыныбжь сабии.

Мафіэсхэр мэятэ

Курджым щыІуабэ дыдэ - температурэр градус 22-м нэскІэ щыдэкІуеящ.

Абы и зэранкІэ мэзхэр мафІэм есыр. Ахэр мы зэманым щыетащ псори зэхэту гектарищэм. ЩытыкІэр апхуэдизкІэ хэпльэгъуэ хьуащи, мафІэр вертолеткІи ягъэункІыфІ. Зэкіэ шынагъуэ гуэри яІэкъым мэзхэм пэгъунэгъу жылагъэхэм.

Обамэ щогугъ

США-м и президент Обамэ Барак жиІащ езым и къэралымрэ Урысеймрэ зэребгъэрыкІуэ стратегие Іэщэхэмкіэ (СНВ) зэращыІыла зэгурыІуэныгъэр сенатым ратификацэ ищІыныжкІэ гугъапІэфІэхэр зэрыщыІэр.

- Дэ, лъэныкъуитІри Іуэхум дыбгъэдыхьащ сыт и лъэныкъуэри зэпэтшэчауэ, - кьыхигъэщхьэхуклащ абы.

Хьэйм икІахэт

Санкт-Петербург и «Зенит»-м кьыдэщІхэм мурад ящІащ езыхэм я командэр УФ-м футболымкІэ и чемпионатым зэрыщытекІуар Іэтауэ ягъэлъапІэну.

Абы и саулыкъуклІэ Невэ проспектым гупшыхуэ зэрыгъэхъуауэ тёуващ, гъуэгум зыри щызэмыкІуэжьфу. Іуэхум хьыкъэ хуей хэуащ хабзэхъумэхэр. Абыхэм ящыщ зым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр игъуэтащ, чэф зиІэ ныбжьыщІэхэм кьаэхэхуати. Хьэйм икІахэм ящыщ зыбжанэ ящыбдын хуей хуащ.

Нэхущ Іэдэм Мэрем и къуэм

Нэхущ Іэдэм Мэрем и къуэм - Урысей щІэныгъэхэмкІэ и академием и Іэхунэ Іапіэм - Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэм, Урысей Федерацэм и Президентым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м кьыдигъэкІа Указ №1400-мкІэ кьратащ ЦІыхь орденыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и щІэныгъэлІ цІэрыІуэм а дамыгъэ лъапІэмкІэ ехъуэхъуащ.

Щоджэн Іэсхьэд и пщІэр яІэт

Адыгэ Республикэм и пащхьэ хэхаэу ефыщІэшхуэ зэрыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм папщІэ, Адыгэ Республикэм и Президент Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий «Адыгэйм и ЩІыхь» медалыр хуигъэфэщащ **Щоджэн Іэсхьэд Хьэзрэт и къуэм** - биологие щІэныгъэхэм я докторым, профессорым, Урысейм Мэкъумэш щІэныгъэмкІэ и академием ПрунужьмкІэ и урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІым и къуэдзэм, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Кубань къэрал аграрнэ университетым агрохимиемкІэ и кафедрэм и унафэщІым.

Щэкіуэгъуэм и 16 - 21-хэм Баку (Азербайджан) уэрэджыІакІуэхэм я дунейпсо зэпеуэ щекІуэкІынущ Іюль-Бюль оглы и цІэкІэ.

Щэкіуэгъуэм и 17, бзэрэжьей

◆ **Студентхэм я дунейпсо махуэщ.** 1946 гъэм ягъэуващ.

◆ Щэкіуэгъуэм и 17 - 18-хэм Москва щекІуэкІынущ «Иджырей жылагъуэм щэнхабзэ щІэинхэр зэрихъэкІуэр» конференцыр. Ар тёухуащ Москва и Кремлымрэ Ут Плъыжьымрэ ЮНЕСКО-м и щэнхабзэ щІэинхэм зэрыхагъэхьэрэ илъэс 20 зэрырикъум.

◆ Щэкіуэгъуэм и 17 - 28-хэм Стокгольм (Швеце) щекІуэкІынущ 21-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

◆ 1920 гъэм Бгырыс АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

◆ 1943 гъэм Яхэгуауэ Михаил Совет Союзым и Плъыжьыкъ щІэ лъапІэр кьыфІащащ.

Плъагъэпэр зыгъэхьэзырар ШАП Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущигъэ:

Куэдрэ даІуэ, мащІэ Іуатэ.

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Дэlэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр нэхъыбэ щlэхъур

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкIуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ щыкIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэлъашIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хилъхьэ у.

Тюбеев Альберт

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, ар езыр зи унафэщI министерствэм хэту идмитриу мэлажьэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIужьыгъуэхэр зыфIэзыгъэкI Iуэхущапlэу 23-рэ. Абыхэм яхэтщ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкIуэхэмрэ папщIэ интернат унэу 4, унагъуэмрэ сабийхэмрэ ядэlэпыкъунымкIэ центру 2, балигъ мыхъуахэр гъащIэм щыхагъэззэгъэж центр, зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ реабилитацэ центр, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI комплекс центр 12, зи закъуэу зи къэна лIыкъ-фызыжьхэм папщIэ фэтэр 40 хьу унэ щхьэхуэ, республикэ геронтологие центр.

Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэщхуэ зиIэхэм ящыщщ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкIуэхэмрэ унагъуэм щадэlэпыкъунымкIэ. Министрым и псалъэм кыхиугъэщащ илъэсым и апэ мазибгъуэм кIрифыбдзу я лэжьыгъэм цIыху мини 4,2-м щIигъу зэрыхэтар. Iуэхутхьэбзэ нэхъыщхь

Зи гуащIэр ин тхакIуэ 75

Къэбэрдей усакIуэ щIэрыIуэхэм ящыщщ Къэжэр Петр, Абы и кьалэмкIыу къыщIэкIащ усыгъэ хьэлэмэт куэд, гупсысэ куукIэ гъэнщIарэ псалъэ жанкIэ уэздауэ. УсакIуэр кьыззэральхурэ-рэ ильэс 75-рэ ирокIу.

Къэжэр Петр Хьэиб и кьуэр 1935 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Арыкь (Борыкьуей) къуажэм къыщыдальхуащ. Республикэм и интернат еджапIэр 1954 гъэм къиуха нэужь, ар щеджащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым, абы и адыгэ-урыс кьудамэр 1959 гъэм кьиухащ. 1959 -1961 гъэ. Къэжэр Петр щылэжьащ Налшык телестудием, «Эльбрус» тхыль тедзапIэм. 1982 - 1997 гъэхэм абы зэрихьащ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщIхь къулыкьур, иужькIэ щылэжьащ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм.

Литературэм хилъхьа гуащIэм папщIэ, Къэжэр Петр къыфIащащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ щIэ пащIэр, «Печатным и отличник» дамыгъэр кьратащ.

Къэжэр Петр и япэ усэ тхылъыр («Уэсэпс щыгъэ») 1961 гъэм кьыдэкIащ. Абы и ужькIэ, усакIуэм и Iэдакъэ кьыщIэкIащ «Щыхуль ягъуэ», «Дж улыгащхьэ», «Мыужьых мафIэ», «Гупсыгъэ» тхыльхэр; урысыбзэкIэ зэздэкIауэ Налшык, Москва кьыщыдэкIащ Къэжэрым и тхылъ зыбжанэ - «Газыри», «Чуткость», «Время жить», нэгъуэщIхэри. ЦIэрыIуэ хьуа Къэжэр Петр и усэхэр зи лъабжьэ уэрэдхэр, оперэ, музыкэ комедие зыбжанэми я либреттэхэр («Мэз таурыхъ», «Гум и щ1ужухэр», н.) абы и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. Сабийхэм папщIэ абы итхащ «Албэч и кьуэ Бекъан», «ЩIыхьэху» поэмэхэр.

Зи гуащIэр ин, куэд зыльэкьа, цIыхур нэхъыбэжкIэ зыщыгугъ усакIуэщ Къэжэр Петр. Ди литературэмрэ ди щэнхабзэмрэ зэи лъэужьыщIэ щыхьунукьым абы и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэхэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



Къэжэр Петр

Къэжэр Петр и усыгъэхэр

Псалъэ

Псалъэ кьэс иIэщ теплъэ,
КIуэцIыпхыжщ гу ещхьын,
Зыр гъуэгу напщIэм деж тельмэ,
Зым-щхьэр
пхуимыгъэщхьын.
Зырщ-бзэ Iэфщ,
Зыр- дахащэщ,
Iыхьэлейми икIауэ
Яэыхэз кьодахащIэм,
ПфIихьа псэм упыкIащ.
Зыр - жырыпкъ
Кьырыжь уардэщ,
Гъэ мин гъащIи кьыщIэтыщ,
Ар си гъубжэу,
Си уадзу
Си Iэм быдэу Iэщ1эльщ.
И псэр кьабзэщ псальэфIым,
Iурылъыжмэ щIыхуфI.
Псалъэ псори псэльэфкъым,-
Псалъэр зейр кьэцIыхуф.
Iуфхи -
ТефпIэ банапщIэ
ПщIыр зи натIэ хьуа псом!
Уэри сыт ущIэнащIэр,
Псалъэ дыдж?
Ма зы сом.
Хьэуэ!
Сомкьым уи лажьэр, -
Ар уи натIэм ебдзын!
Мис мор пщIынум щхьэлажьэ,
Абы Iэдакъэ щIэптынт!
КьохъуIакъым ар зэкIэ,
Кьэхъун псор хэт ящIэн.
ЦIыху яуIэмэ бзэкIэ,
Кьыпхуэгъуэткьым пхуещIэн...
Псалъэ нэсу
Псэ льагъуэ,
Уэ утыку кьихьэрей,
Уэыхыхьэ унагъуэм
Уэ уахуохIу хэгъэрей.
ЗэрымыщIэу Iитl щыIэм,
УщцIыжыф зэрытхьащI,
Зи жьэгу пащхьэ хьуам щIыIэ
Удыхьамэ,
Утхащ,
ЗэгуэкIуаэм урапсэщ,
Анэм и псэм ухэлъ.
Си кьарури уэращ сэ,
СхуэIуэтэщ си гухэль.

Гъуэгуанэ

СыкIуакIэщ жыжьи...
Кьыжьэрэсхьуэу шыжьэр,
Срихьэлами
Сызыгъэгуэн,
Кьилыхьуэр си псэм
СызыгъэгуфIэнт...
Щхьэ апхуэдизу
Дэ дыззхуэдизу,
Псоми кьытущIэльыр
Зы цIыху гъащIэ гъуэгущ!
СыкIуами жыжьэ,
УтIыпщауэ шыжьэр,
СынэкIуэсакьым
Сэ
Жыжьагъэм нэс.
А жыжьэм
И жыжьагъыр
Кьытхуэмыщ1эу,
Мы щIым
Дыщыпсэунущ
Махуэ кьэс...
Си гъуэгу
Си занщIэу
Сэ сытетщ мы щIыльэм,
Кьыщысльхьхьужу
Си насып зыгуэр.
Сэ сешэр
Си псэм
НитI джылар зыщыплъэм:
Гъунэгъ уи
Жыжьи -
Сынэсынщ зэгуэр...
Сэ сщIэркъым зэкIэ
А гъунэгъур
Жыжьэм,
А жыжьэу сфIэщIыр
Тесми си бкэщхьэIу.
Мурадым сешэр
УтIыпщауэ шыжьэр,
Кьызэжьэ хуэдэ
Зы псэ гуэр и льэIу.

Ныбжьыгъуэ

Сэ
сыщытауэ
сщIэжкьым
гурэпкIырэу:
Зы хьэл сытету
Кьэзгъэщ1ам
сопсэу.
Дахагъэу схэльыр
Схуохьыр
гурэ
пкъыр3,
ЗдэльапIэм си щхьэ
Щыпудщ
си сом,
МыфэрыщIыгъэу,
Си псэм
и жьэ уазу!
А
фэрыщIыгъэр
Кьыскуинтlэскьым
псэм !
Сощ1эжыр,
нобэ у,
Iэджэу кIуа
«дыгъуасэ»,
Укьэ тэмакьыу,
УеIэпэну сэм!
БлэкIар-
сльэкIауи
Кьэзбжьжьым
зэкIи;
Сыщ1эгуэщцыр
Фыщ1эуи сощIэж:
Iэштlыпмым кьихькьым
Кьамылэжьыр бзэкIэ,
Си щхьэ здэльапIи
Щыпудщ
Си сом!

Гупсысэ

Гуауи
гуапи
Щыз1эпылъ ди щIыльэм
Мащ1экьым
щагъэвыр
щыгумэщIым.
Мащ1экьым
ягъафIэр
щыгумащIэм...
Ауэ
гъащIэр
кьызыщпкI Iэгугауэм,
Лыр щопкIатэ
утыкушхуэ
хуитым,
Уи щIэщыгъуэ1у!
Абы щыгъуи
Кьыуащ1экIыжу «уитыр»!
Еуэ-
хэтIэ!
Еуэ-
хэсэ
Льапэрисэ зыщIи,
Уэр фIэкIакIэ
А кьэфэкIэр
Зым имыщIэ хуэдэ:
Ар
Уи дежкIэ
куэдрэ!..
ХэтIэхэсэ
Ещ1ыр
щIалэм,
ЗеукIыж
жыпIэну!
Жьыдэхупlэу аращ иIэр
Хьэгъуэлыгъуэ Iэнэм...
Ари
гъащIэм
и зы теплъэщ,
Зы щIэщыгъуэ мащIэщ.
Гъащ1э щIыхуэ
Зыми ттелькьым...
ТIэкIу дыжьгъэгумащIэ...

Гуапагъэ

I

Дунейм щамыщ1эу
Щы1эхэм
ящыщщ
Псэм и гуапагъэу
Зыгъэдахэр
КIэ имыIэу,
Хуэмейуэ иIэн.
Ирибжьыжу
Нэхьыжьхэр
Я жьыгъэм.
Тхъугъэ льэпкъи
Си щхьэц кьемыIэн.
Нобэ сопльэ
Щэху-щэхуурэ гъуджэм.
Гъуджэм,
ДаункI,
Пцы тIэкIу кьысхуеупс:
Хэщ1 кьысфIэщIми
Сэ си щхьэц хьубжэм,
А кьэнари,
Кьэнари сокIупс.
Фаджи сащIкьым сэ
НатIэ здэхэхэм,
Сыт сыщIащIыр!..
Сэ схуэдэр гъунэжщ.
Гъуэгу сытету
Нэхьыщ1э кьызздэхкIи,
Ар кьыысщIхьуркъым сэ
Гукьинэж.
Сэ зыстакьым!
Зыстынкьым итIани!
Си уэрэдми
И1энкьым зэи кIэ:
Тетщ и гъуэгу
Си щIалэгъуэ кьуданыр,
Ар псэухукIэ
КьынкIынщ сэ си кIэн...
СызыщIар
Мы зы махуэ гущкIэщI сэ,
Мы зы махуэ
ГущкI1эщIи сэ сщIар.
Бгым я задэм
СыдэкIми сфIэкIэщIт сэ,
Бгым я задэр
Иужьц кьыщысщIар.

* * *

Си нэгу щIэкIам
СытеIэбжэу Iэкlэ,
Мы гъащIэм
Щ1ысльэгъуащ сэ Iэджэу
Iэдж.
СисакIэщ гупхи...
Сыдэсащ гублащхьи...
ЗызгъэфэрыщIуи
Сыубыдакьым
зы Iи.
Темыхуэр нобэм
Си гум
ЦIыху
кIэблащхьэу
Зи гупкIэ
исым
И уэрэд жызыIэрщ,
Щ1эжьыужьыжрэ,
Модэ-щэ,
Льэ тэну,
Кьищ1аэу щытмэ,
А зы медан дыдэм
Гу
ПIэкIу
Кьыльатэну!..
Зым сефыгъуакьым,
Хуэзфlокlыр жьсIэу.
Iэху кьеэгъэщIэнуи
Зыщ1эздзакьым бгъафэ.
Зи гупкIэ сису
Си уэрэд сэ жьсIэр
Си адэжь льахэу
Гущ1эм сэ щызгъафIэрщ!

* * *

ЦIыхуфI сыхуэзэм,
Сфlощ1 кьыстекIэу дамэ:
Дэсльагъу дахагъэм
Си псэр хошьпсыхь,
СыдэпльеиухькIи
Сохъу п зы кьудами,
СхуэзэфIэкIыну сфIощIыр
Зы бэлыхь,
Ехьэжьэпарэ -
Ари цIыхуныгъэу!
ГугъапIэ нэскIи
Псыхьыжауэ
псэр!
Аракъэ
гугъэм
Укьыщигъэгугъэм
ГугъапIэ нэскIэ
Щ1эубзэфыр бзэр:
Зыгъ щ1ызгъэпщкIуакьым
Сигу Iэфl гуэрхэр зхуилъу.
Сигу темыхуэххэр -
Цыху хейм
сльагъумэщ
хуилъу!
Гъатхэ пасэ
Нэ гулъ топу
Гъатхэ пасэ,
Псатхьэу
Ажэгъу эмэ нэгу,
Сегъэблагъи
Гъащ1э хасэм,
Сэри сах эгъэс зытIэкIу.
Сыдэсльэгъейщ сэ
Я псэльафэ
Плъыфэу щыIэм,
Щ1ым щыкI псом.
Фэ фщIэту зы унафэ
Зы щыгу фызэрыщ1ипсэур.
Хьэуэ,
Сывиндзуэгъуэкьым,
Щхьэ дэуэгъуи хуей сыхъун?!
Зыр зым дэ дридэIуэгъуэм,-
Здэдыгъэгъуэхэр мысэхъун.
Цыхур,
Плъагъуркъэ,
Хьуэпсалэщ.
Сэри -
Ахэм сащыщ зыщ,
Лейуи кьызжумыIэ псалъэ,
Лейуи зыри умыбзыщI.
Хьунщ гукьеуэ уэри уиIэ,
Гъатхэ губгъуэ,
Гъатхэ мэш.
Гуапэу нэсшинут си Iэр,
Ауэ,
Сщ1эркьым,
Си дзэр мэш.
Мэш,
Зыгуэру ар кьыпщыхьуу,
Кьысфlэщ1ыжу унгу сеуэн,
Дауи,
Уэри абы щыгъуэ
НэгъуэщIыфэ кьыптеуэн...
ТIэпI.
Къэгъагъэ уэ.
Кьэщхьэлъэ.
Нэсхунщ си льэр сэ уи х эну .
Уэ уи хьэлъэр
Си хьэлъэу
Гъуэгу бдэскIуну сэ сыхэтщ.
ХэбгъэхьуэхуэкIэ уи зэфIэкIым
Уэ сыбдохьур сэ Iэчльэч.
Уи дахагъэ кьызэфIэкIым
Схульэмыкlыр схульеГъэкI.
Уи кьабзагъкIэ
Си гур кьабзэщ!
Льагъуныгъэм и тхьэгъуш,
Псэм и хьуахуэр
уэщхьыркъабзэм,
Пщ1эдджьыкьыпэу кьэгъэуш.
Фэ дахагъкIэ фызэщIасэщ,
Фэрщ1 сызжьэри нэху щыхуэ.
Ар кьэшэж уи деж дыщаси,
Еубауэ уиту пэщ1ых у.
Сынекьэнщи пщэдджьжьыпэу,
Льагъунльагъу сэ сынэкIуэнщ.
ТIуми эзрыфIыгъыр бжьыпэ
Сэ щэху дыдэуи вжесIэнщ.
СфIэфIщ уи хэкум сыщигъащэр.
Сигъэщ1ащ.
Симыгъэущ1ыхь.
Гъащ1э нэгуу
Гъатхэ гуащ1э,
ЗэкIэ сыхэгъэт уи пщIыхь.

Сыщальхуа льах э

Сыщальхуа кьуажэр
Кьуажэ нэсщ
Дэсщ лIыжь,
Фыызыжь,
Сабий кьыщальхуу.
Еджа,
Iэщ1агъэ зиIэ
Дэщ1.
Дэсщ
Кьыз1эльжи зи Iущагъ...
ИремыфIкI ар кьуажэ куэд,
Кьыздэсми нобэм
И уэрэд
Щ1ырети зым зэхимыхауэ!
Ауэ
Ар сэ си дежкIэ
Кьуажэ нэсщ,
Сыкьыщальхуащ,
Сыкьыщ1ыхьуащи!
Псы сыхуэлIауэ
И псыкьэпс
Зэгуэр
быдэзышэу кьыысщыхъуащи!
Ара кьудейкьым,
Армыра
Си кьуажэр зыщIыр
Кьуажэ нэсщ
Зыгъэ щIэгуфIэни!
КьызыфIэвгъэщ1 -
Зы уэрамдэ
Ильэсым
Жьлэм кьыхэхъуэну!
ГуфIэгъуэ зы щыIэм
Мэхьу ящхьэж
Си ныбжьэгъужьхэр
Кьысlущ1ащи,
Я гумащIагъи
Хэльыжщ щхьэж,
Я Iэплlэм
Сэ «срагъэщащэ».
КьоIэбзэр IиткIэ
Щ1алэ ес,
Сыкьегъэсысыр
Iэр пичьиу...
Умыщ1э псомкIи -
Гъащ1эр дерсщ!
Сегъэджэрэз гъунэгъум
Чыну.
Хэт и г угъэнт,
Хэт и гугъэнт!
Зи гущхэпхэ
Сыхэтам
Мыпхуэдэ щ1алэ кьихьыкIауэ!
Зы бетэмалкIэ
И губгъэн
Кьэзлэжь пэтащ,
КьыфIэзгъэжкIамэ!..
Ищ1а унэщIэр сагъэльагъу,
Щотхьу унэгъащIэм и зэфIэкIым,
СыкьэжкlуэжьыхукIэ
льагъуньагъу
Зи ныбжьэгъугъэр
кьызэбжкIхэр.
Дэтхэнэ зыри зэкIуэгъужэгъущ,
Абы нэхъыфIи сыт щыIэну!
Кьэзгъуэтыжащи
Зы кьуажэгъ у,
И деж
Ныжэбз сыщыIэнущ.
Фыкьытхуеблагъэ,
Гъуэгурыкlуэ,
Щыхуфlкlэ
Зэи дыкьимыкIуэт.
Укьытхуащ1амэ
Iуэху лIыкIуэ,
Iуэху зылэжьыфхэри -
Ди куэдщ!..
Кьывзхьуэхьунщ
Нэхьыжьэр гуапэу,
Нэхьыщ1эм
Кьыфхуащ1ынщ пщIэ лей.
Кьыздэсым нобэм
Дыщ1ыху кIуапIэщ,
Зы жэщырыпщ
Кьыщифх ди дей!

* * *

Хьэрэмэхьыщэщ дунеижьыр
ЗэIуищэр псэм
Бзэм кьимытIэс.
Щытам
къэзгъащIэм
хуэIэижьу,
Сыбдихьэхьфынут
шурылъэс,
ЗэхэзгъэкIыну
схульэкIынур, -
Уи лъэкIынигъи
селпыжьынт,
Си дыгъэ махуэу
кьыщIэкIынум
Щхьэтечу
Сэ сыIуплъэжьынт.
Къэсщ1энт
къэзгъащIэр
кьыщIэзгъэщIыр:
Ар щыпщIэм дежьым
Уохъу бэщэ ч.
Апхуэдэ гуэркъэ
нэху щIагъэщIыр!
Абы
Сэ
кьытесхьэжкьым шэч.
Кьинащ
нэджьджьым
си блэкIахэр
Кьэкlуэну хьуам
сыщ1ымыщтэж
Слъэкlащ
сльэкIыну
схульэкIахэр.
Си щIакIуи
зым
кIэльызымыщтэж.

* * *

Щы1эмалыджэм и деж
Iувщ цIыхуфэр.
Щы1эмалыджэм дежи
Гугъэр щIыгъущ.
Фоч гъуазэм кьипльми
ГъащIэм и щыхуп1эр,
Дэпльагъукьым лIыгъэм
Iэмальджэ щыхьу:
Иредз пкIэльеЙ
Кьэкlуэнум и гъуэгуанэм,
АбыкIи
Ар мылъыхьэ з зым и щытхъу,
Кьыхуэнжьауэ иIэр
зы меданми,
И щIылъэ-анэм
Гукъэкlыжкl3 щIыгъущ.
Щ1ыгъущ -
Тельщи щIым
И щыпэ вагъэбдзумэр,
Ялэ мэщ бганэр
Хьуащи гукьинэж,
Щоушэри ди щIылъэм
Кьуалэбзухэр,
Си хэку щегъуэтри
цIыхум гукьидэж.
Нэсакьым си Iэ
Сызыхуеiа псомри,
Щ1ыкIэм цIыхуми,
Iэджэ щIым щелэжь.
Пщ1ар уфIэмащIэу,
Сядэ, ущ1ысэуми,
Уэ уефыгъу акьым
Пхуэдэ зы щIалэжь!

* * *

Гупсысэу
псальэр
ЦIыхугъэншэ хъуркъым:
И напэр
къабзэщ,
И щхьи
пщIэ хуещIыж.
БампIэгъуэ нэпщIкIи
И щхьэц
лейуэ
тхъуркъым,
Iэ гуапэ нэскIи
И бжэри хуещIыж...
Зыми
и мэкъуи,
Зы псэ гуэр
и мэши
Сэ сыутауи
Сщ1эжкьым
къэзгъащIам...
ИтIани,
плъагъукъэ,
УэркIэ си дзэр мэшыр
Зыгуэр бжесIэну,
Дэ дызэIущIам.
Дызэхуэзакъэ, -
Дызэщогуфlыкlыр.
Кьэхъуа-кьэщIамкIи
Дызэщ1эуэнщ,
Фарз папщIэу
ТIуми жьтIэжьинщи
«ФIыкIэ»,
Зы кьэмыхьауэ,
Щхьэж и гъуэгу
пытщэнщ.

* * *

Блэкlар -
сльэкIарщ.
Дунейр,
щэрхьщи,
мэкIэрахъуэ.
Блыну
бгы зади
сыдэкIащ,
УкьызэпльэкIмэ,
щхьэр кIэрахъуэу.
Сщ1ащ
фIыгъуэ Iэджэу
сигу кьэкIа,
А дунеижьри
мэкIэрахъуэ!
Хэсса жьгыщIэр
зэ хэкIам,
Фэзгъэльагъунт сэ
зэрыхъуахъуэ!

Къэжэр Петрэ Хьэмгъуокъу Барэсбийрэ.

КIэщт Мухьэз, Къэжэр Петр, Елгъэр Кашиф,Бицу Анатолэ.

● Футбол

Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и гъуащхьэтет Акинфеев Игорь и гъуэм Гъэущокъуэ Арсен топ дегъэкI.

Судьям и нэхейкIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - ЦСКА (Мэскву) - 1:1 (0:0). ЩэкIуэгъуэм и 14-м, Налшык. «Спартак» стадион. Щыху 16000 еплъыр.

Судьяхэр: Малый (Волгоград), Хачатуров (Дон Іус Ростов), Лебедев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Колинько, Васянович (Сирадзе, 81), Васин, Джудович, Йованович, Концедалов, Гогуэ (ДыщэкI (90+2), Гъэущокъуэ, Голич, Рылов (Щанцын, 58), Дядюн.

ЦСКА: Акинфеев, Шемберас, Игнашевич, Хонтэ (Мамаев, 80), Думбия (Нецид, 69), Вагнер Лав, Гонсалес (Тошич, 87), Набабкин, Березуцкий В., Секу, Щенников.

Топхэр дагъэхIащ: Вагнер Лав, 59 - пенальтикIэ (0:1). Гъэущокъуэ, 89 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ Дядюн, Джудович, Гогуэ, Колинько, Набабкиным, Нецид.

Волгоград щыщ Малый Эдуард Къэбэрдей-Балкъэрым футболым щыдихьэхэм ф1ыуэ яцIыху икIи ящIэр зэран къытхуэхъуфыну зы Iмали сыт щыгъуэ кыгъэримыгъанэр. «Спартак-Налшык» - ЦСКА зэIущIэм и судья нэхъыщхьэу ар зэрагъэувар къыщицIэм, футболым тетхыхь си цIыхугъэ журналистхэм ящыщ зым жиIащ: «Карточкэ гъуэжьу зыпIытхуэр пенальтирэ ди Iэрылъхьэу къэфлъытэ». Малый зищIысыр дэрэ тщIэрт, арщхьэкIэ апхуэдизыр егъэлеиныгъэу къэтлытащ икIи дыдыхьэпхри, дызэбгрыкIыжащ. Джэгуф ияха нэужькIэ, а псадэмакъыр сигу кьэкIыжащ. Пэж дыдэу, карточкэ гъуэжьу пIырэ зы пенальтирэ судья нэхъыщхьэм кьытхуигъэфэщащ. Сытыт адэ-кIэ жыпIэжыпур?!.

ЦСКА-р Налшык кэкIуащ къэралым и чемпион хъуну зызыгъэхьэзыра «Зенитыр» Санкт-Петербург щыIэжу махущ и пэкIэ 3:1-уэ зэтрикъутэри, «ищхъэрэ кьалащхьэм и махуэщхьэ игъэIэпхъуауэ. А зэIущIэм и ужькIэ хьэщIэхэм я тренер нэхъыщхьэ Слуцкий Леонид жиIат «Зенитэ-м нэхърэ «Спартак-Налшыкым» дригъэкIуэкIыну зэIущIэм нэхъ зэрыщыIыгъэр. ИкIи ар лъабжьэшIэтэкIым: ЦСКА-р иужь дыдэу къыщыттекIуар 2007 гъэм жьмыжьыхьым и 15-рт. Абы лъандэрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм тIэунейрэ налшыкдэсхэр щытекIуат, адрейхэр зэртемыщхъэIуауэ ищхат. Мыгъэрей зэхьэзэхэум и япэ къэкIуэкIыгъуэми «Спартак-Налшыкым» Мэскву щыIэу ЦСКА-р 2:1-уэ хигъэщат. Арати, Къэбэрдей-Балкъэрым и кьалащхьэм щытемыкIуэмэ, чемпионы-пэу «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр зэхуэдэ щIыщыкам, куэд щIэхъуэпсыр комментаторым «Малый и гъуэм топыр дэзыгъэкIар Гъэущокъуэ Арсенщ», жиIэну. АрщхьэкIэ ар егъэленыгъэ хъунут икIи къуэдыщхуэ кьызыпэкIуэнут.

Арати, зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, ищхащ. Аргуэрыжьти, ЦСКА-р кьыттекIуэфакъым икIи чемпионыгъэм щIэбэныну зы Iэмали кьыхуэдгъэнакъым. А хьыбарым игъэгушхуауэ иужькIэ джэгупIэ губгъуэм ихьа «Зенит»-м, иригъэблэгъа «Ростов»-м Iисрафыр хилъхьащ икIи, ар 5:0-у хигъащIэри, 2010 гъэм къэралым и чемпион хъуащ.

Турнир таблицэм иужь дыдэ уэвыпIэр щызыIыгъ Новосибирск и **«Сибирь»-м** Мэскву и **«Локомотив»-р** и унэ щыджэгуу зэрыпэмылъэщам и ф1ыгъэкIэ **(0:0)** «Спартак-Налшыкыр» Евролигэм хэзыгъэхьэну етхуанэ уэвыпIэм адэкIи щIобэн. Хъуэпсапэр зыIэригъэхьэн папщIэ абы кьыхуэнэжар лъэбакъуитIщ, «Амкар»-м Пермь щыдригъэкIуэкIыну зэIущIэмрэ Мэхъэчкьалэ и «Анжи»-р кьызэрыригъэбгъэгъэнымрэ. Ахэр тэмэму зэфIэкIмэ, псори хьарзынэ хъунущ.

Иджы щыгъуазэ фахудощI тIощIрэ еитIэ джэгугъуэм хьхьэу премьер-лигэм хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа адрей бжыгъэхэм: **«Сатурн»** (Мэскву область) - **«Амкар»** (Пермь) - **2:2, «Динамо»** (Мэскву) - **«Рубин»** (Казан) - **2:2, «Тэрч»** (Грозный) - **«Анжи»** (Мэхъэчкьалэ) - **1:3, «Томь»** (Томск) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:1, «Спартак»** (Мэскву) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **0:0**.

Зи чэзу джэгуэр «Спартак-Налшыкым» щэкIуэгъуэм и 20-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр Пермь кьалэм щыIущIэнущ «Амкар»эм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ГуфIэгъуэр псоми я зэхуэдэщ.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Балигьхэм я гъуэгугъэлъагъуэхэр

«Спартак-Налшык» (Налшык) - ЦСКА (Мэскву) - 1:1 (0:1). ЩэкIуэгъуэм и 13-м, Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыху 1200-рэ еплъащ.

Судьяр **Иванов (Дон Іус Ростов).**

«Спартак-Налшык»: **Щоджэн, Амирханов, Шалаев, Маркович (Деяк, 46), Кьумакьу, Пщиев, Бурбушин (Ковальский, 90), Митришев, Соблир, Болэ (Хьэгъбанэ, 46), ДыщэкI (Шалаев, 46).**

ЦСКА: **Плохих, Никитин, Иванов (Мушник ов, 68, Султанов, 87), Васильев, Стукалов, Федотов, Сердеров, Драгунов, Тен, Заросев (Базелюк, 77), Кобзарь (Амбарцумян, 58).**

Топхэр дагъэхIащ **Васильевым, 35 - пенальтикIэ (0:1). Митришевым, 81 (1:1).**

Дагъуэ хуащIащ **Маркович.**

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ, «Спартак-Налшыкым» Прохладнэ кьалэм кьыщIигъэблэгъат Мэскву и ЦСКА-р. Мы тIурэ зэхьэзэхэум щыпашэхэм ящыщу пхужьыIэнукъым, арщхьэкIэ абыхэм я зэIущIэмрэ балигъхэм кьыкIэлыкIуэ махуэм ирагъэкIуэкIамрэ зыкъэомкIэ зэрыязэгъуэр гъэщIэгъэнэ.

Псом ящхьэращи, кIэух бжыгъэр зэхуэдэ хьуащ - 1:1. ИкIи, хьэлэмэтракъэ, хьэщIэхэм метр пщыкIуэым и деж щыту бжыгъэр кьызэIуахри, джэгум и кIэухым хэгъэрейхэм зы очко кьрагъэльафащ.

Дауи, зыми ищIакъым кьыкIэлыкIуэ махуэм апхуэдэ дыдэу балигъхэр зэрэдэжэгуну. АрмыкIэ, щыхуэ минхэр стадионым екIуэлIэнтэкъым.

Кьыхэгъэщыпхъэщ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ командэм ящыщу аргуэру Митришев Магомед кьызэрыхэжаныкIар. Мы зэIущIэм и уэмыIэ налшыкдэсхэр епщыкIуэанэ уэвыпIэм нэс дэкIуэтеящ.

Адрей командэхэр зэрызэIущIам мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьарикIуащ: «Сатурн» - «Амкар» - 4:1, «Динамо» - «Рубин» - 2:5, «Тэрч» - «Анжи» - 0:0, «Томь» - «Алания» - 2:2, «Зенит» - «Ростов» - 0:1, «Локомотив» - «Крылья Советов» - 0:0, «Локомотив» - «Сибирь» - 6:2.

ХЬЭТАУ Ислъам.



ЦСКА-м и ебгъэрыкIуэныгъэр Колинько Александр кьызэпеуд.

Турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Зенит»	**28**	**20**	**6**	**2**	**59-19**	**66**
2. ЦСКА	**28**	**17**	**7**	**4**	**48-21**	**58**
3. «Рубин»	**28**	**15**	**11**	**2**	**35-14**	**56**
4. «Спартак»	28	13	9	6	41-29	48
5. «Локомотив»	28	12	8	8	32-28	44
6. «Спартак-Налшык»	**28**	**12**	**8**	**8**	**38-31**	**44**
7. «Динамо»	28	9	12	7	37-29	39
8. «Ростов»	28	10	4	14	25-39	34
9. «Тэрч»	28	8	8	12	26-31	32
10. «Томь»	28	8	7	13	31-42	31
11. «Анжи»	28	8	6	14	25-36	30
12. «Сатурн»	28	7	9	12	24-36	30
13. «Крылья Советов»	28	6	9	13	27-40	27
14. «Амкар»	28	7	5	16	21-34	26
15. «Алания»	**28**	**6**	**8**	**14**	**22-39**	**26**
16. «Сибирь»	**28**	**4**	**7**	**17**	**33-56**	**19**

ЗэIущIэ нэужьым

СПУСКИЙ Леонид, *ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Бэнэныгъэр куэдт

- «Спартак-Налшыкым» дыщIытемыкIуэфар иужьрей зэIущIэ хьэлъэхэм дыззэрыгъэшэрщ, - жиIащ зэIущIэ нэужьым хьэщIэхэм я тренер нэхъыщхьэм. - Зэрызэудгъэфэщауэ, бэнэныгъэр куэду щытащ икIи зыри къикIуэтакъым. Топ дэдгъэкIыну лъэныкъуитIми Iэмал зыбжанэ диIауэ схужыIэнукъым. Ди гум щыхьащ. Іуэныгъэр къытхуэзэхьх бжыгъэр зэрыгъэхуэмыхьумар.

- Налшыкдэсхэм я джэгуIэр дауэ къыпщыхьуа?

- «Спартак-Налшыкыр» фIыуэ джэгуащ, ди гъуащхьэхъумэхэри хуабжу гугъу иригъэхьащ. Абы хуэфащэщ Европэм и лигэм етIанэгъэ щыржэгу ну - ар къэхъуIэну си гуапэщ. Апхуэдэ командэмрэ, апхуэдэ тренерымрэ уамытхьэжьункIэ Iэмал иIэкъым.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

КъыддэщIахэращ зи фIыщIэр

- Стадионым щIыхь имыхуэжу къызэрекIуэлIам гушхуэныгъэ ин къыщитащ, - щыжиIащ пресс-конференцым хэгъэрейхэм я тренер нэхъыщхьэм. - Араща бжыгъэр зэхуэдэ тщIыкIну Iэмал къыщIэхъуар. Джэгуф фIы дыдэ хъуащ, ауэ гум нэхъ кьинэжьнур апхуэдизу щIыху къызэрыдгъэщIараща. Ахэращ уэвыпIэгъуэ имыIэу дебгъэрыкIуэн хуейуэ дезыхуIар икIи зэIущIэм и кIэухым хуабжьу дызэрешар къытфIэзэымыгъэIуэхуар. Пэжщ, дытекIуамэ нэхъыфIыжт, ауэ а зы очкомэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

- Пенальти фи гъуэм къызэрырагъэуар уфIэзахуэ?

- Сэ сыщыIуэнкIи хъунущ, ауэ, къызэрысщыхьуамкIэ, Думбия ди гъуэм къеуакIэт икIи езыращ Колинько къыжьэхуар.

- Судьям и кьалэнхэр зэригъэзэщIа щыкIэр дауэ къыпщыхьуа?

- АбыкIэ фIыкъызэымыупщIи нэхъыфIщ.

- Евролигэм фIыщIэзэнын папщIэ нобэрей зы очком сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ?

- Къэнэжа джэгуГъуитIр къэтхьэхуи хуейщ. АрщхьэкIэ, ди хьэрхуэрэгъуэр «мыпъэпэрапIэмэ», абыи етхуанэ уэвыпIэр къыдимыгъэжьыкIэ хъунущ. Дауэ щытми, Iэмал ди IэхуакIэ дыныкъэхуэнущ.

Зыхъыжар

ТЕМЫР Дисанэщ.

Зэхэзымых ныкъуэдыкъуэхэм я Урысейпсо ныбжьыщIэ зэпеуэ Чуваш Республикэм и Новочебоксарск къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ.

Къэбэрдей-Балкъэрым и командэм абы етIуанэ увыпIэр къыщихьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭРспорт лIужьыгъуэхукIэ - альдж-урым бжыгIэмкIэ, атлетикэ ныбжьыщIэмкIэ, спортыщIэ техникымкIэ, бжыгкIэ хитымкIэ, псым есынымкIэ, футзалымкIэ екIуэкIащ. Зэпеуэм хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 28-м и лъабгъуэ 500.

ФутзалымкIэ кIуэ зэхьэзэхуэм и Іыкъэ пIащэ зиIэуэ ди командэм Тэрэстаным и лъабгъуэкIэ щыхитъэщIащ. Финал ныкъуэ щыIэущIат ныгабрей зэхьэзэхуэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьыщызыхьа КъБР-мрэ Белгород къалэмрэ я гупхэри, дыдейхэр теклуащ. КIуэх зэIущIэм ди командэр кьыщыхагъэщIащ. Гуп зэпеуэм Ульяновск къалэм и командэр щытекIуащ. Къэбэрдей-Балкъэрым и лъабгъуэкIэ абы кьыжьэлъэлъкIуэ. Белгород и командэм ещанэ увыпIэр кьихьащ.

Зэхьэзэхуэм и гъащIэкъуэу нэхъыфIу кьалытащ Тещджыз Адамэт. Урысейм ныкъуэдыкъуэхэм футзалымкIэ и ныбжьыщIэ командэ кьыхэхам и тренерыр абы и джэгуIэм итхьжьауащ икIи и гупым хитхъхащ.

КIУЭ Иннэ.

Дыдейхэр етIуанэщ

ЦIыхуитху хэкIуэдащ

● МафIэсхэр

ЩэкIуэгъуэ мазэм и япэ тхьэмахуэ зэхуакум къэхъуа мафIэсхэм цIыхуитху хэкIуэдащ.

МАФIЭСХЭР къэзыша, абыхэм цIыху щIыхьэкIуэда щхьэусыгъуэр зэхэгъэкI. «Шэч кьызытумыхьэнур зыщ: мафIэсым зыщцIыхьэмкIэ хабзэр цIыхуэхэм ягъэзащIэу щытамэ, а насыпныншагъэхэр кьэхьунутэкъым», - жиIащ МафIэсым пэщIэтынымкIэ къэрал Іуэхущапэм и лэжьакIуэ Сэбан Арсен.

Пэш кIуэцIэр кьызэрыращыкI пластик иджырей ухуэныгъэ материалхэр щынагъуэ зыпылщ. Ауэ ар псоми кьагурыуэркъым икIи пэщхэмрэ корридорхэмрэ кьыщагъэсбэт, МафIэсым кIэлыпльныкIэ къэрал Іуэхущапэм и лэжьакIуэхэм ямыдэ пэтэм. МафIэс кьыщыхьуам пластик щыIэмэ, ар щискIэ кьыхих Іугъуэ дыджыр цIыхуэм зэран хуохъу, кьыщемыли щыIэщ, Дзэлыкъуэ куейм хьихьэ Малюк къу ажэм кьызэрыщыхьуам хуэдэу.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щхьэзакъуэ унэм кьыщыхуа мафIэсыр кьрикIуащ электроклапсхэр зэрызэжьэхэуам е хьэкур газкIэ ягъаблэу зэращIам. ЯтIэ чырбышым кьыхэщIыкIа пэшщыкIмрэ корридорымрэ, унащхьэр ясащ. Пэш блынхэр пластиккIэ кьызэрищыкIам кьыхэжьыу лыгъэм псынщIэу зиубгъуащ. МафlэсгъэзэнкIыфIэхэм зэхуэдэкIэ кьагъэнакъым, ауэ унагъуэр зей цIыхубзымрэ абы и сабий цIыкIуитIымрэ кьахуегъэлакъым.

Статистикэм кьызэритымкIэ, мафIэсхэм я процент 70-р мысакъыныгъэм кьрокIуэ. Апхуэдэ насыпыншагъэхэм мылъку хэщIыныгъэщхэр кьэрокIуэ, цIыху щыхьэщхьэ щыIэщ. ЩэкIуэгъуэм 2-м и жэщым Тырныауэ кьалэ Мусукаевым и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет хьатибгъу хьу псэупIэ унэм кьыщыхьуа мафIэсым 1943 гъэм кьалъхуа цIыхухъэр хэкIуэдащ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы фадэ фIэфIт икIи мафIэсыр кьыщыхьуам чэфу щытагъэнущ. ЩIыпIэм нэса мафIэсгъэзэнкIыфIэхэм унэм цIыхуи 100 кьыщIагъэзэхуькIащ, арщхьэкIэ фэтэрыр зейр кьелакъым.

Щэждугъуэм и 6-м сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 37-м мафIэсгъэзэнкIыфIэхэм кьаIэрыхьащ Щэждэм куейм хьихьэ кьуажэхэм ящыщ зым дэт щхьэзакъуэ унэм мафIэс кьызэрыщыхьуам теухуа хьыбар. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2009 гъэм кьалъхуа я сабийр дадэмрэ нанэмрэ кьыхуагъэнат адэ-анэр я щхьэ Іуэхукъэ дэжьати. Щэждагъуэ жейр кьыщыхьам сабийр ягъэтхуэлъри, езыхэм хадэр зэщIэкъуэным яужь ихьащ. МафIэм гу щылъатар лъагъэм унащхьэр зэщIищта нэужькIэ, Гъэнэгъуэхэм мафIэсгъэзэнкIыфIэр кьраджащ, езыхэм я кьарукIэ ягъэнкIыфIыныр хэтащ. ЩIыпIэм нэса мафIэсгъэзэнкIыфIэм унащхьэ кьыхьащ и пIыбжьэм сабий цIыкIум и хьэдэр кьыщагъэтыжащ.

МафIэс кьэмыгъэхъуныжьмкIэ къэрал Іуэхущапэм иджыри зэ фигу кьегъэжьыж: фи псэупIэр мафIэм щыфхьумэ, фысакъ, сабийхэр кIэлыпIэныншэу кьэмыгъанэ!

ДЫГЪЫЛЫБГЪУ Жантинэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Іэщэ гъэтIылъыгъэ

КъБР-м КЪЭРАЛ кIуэцI Іэхэуэкмкlэ и Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм экстремизм Іэхэуэгъуэхэм пыщIакар къэпльыхъэныжьмкIэ лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым, Прохладнэ куейм хьихьэ Учебнэ жьлагъуэм километри 4-кIэ пэIэщIэ «Победа» жьыг хадэ кооперативым Іэщэрэ абы и Іэмэпсымэхэмрэ кьыщагъэтащ.

Сантиметр 70-кIэ щIым щIэтIа автомобиль камерэр щызэпаплъыхьым абы кърахащ АК-74 автомат, РГД-5 гранатэ, запалыр щыIэгъуэ 7,62 калибр щуэ90. Аскъэпсэри КъБР-м и щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Уголовнэ Іэхэу къаIэтащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм Іэуэ щыт я кьыбарегъащIэ центр.

И сабийр иукIыжащ

«БАХЪСЭН» МОВД-м и лэжьакIуэхэм зэхагъэкI кьалъхуагъащIэ и сабийр анэм зэриукIыжам теухуа Іуэхур.

Сабийм и хьэдэр Кьыщпэк кьуажэм дэт щхьэзакъуэ унэм и гъущI кумбыгъэм ильу кьаГъуэтащ.

Кьэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зэрауабзыхуамкIэ, анэр, а псалъэр мыбдеж кьыщыпIохьыну кьыпхуэгъэзэгъыркым, 1991 гъэм кьалъхуа, зыщIыпIи щымылажьэ къуажэдэсыщ. ЩIыпIэм деж кьыщагъэтащ гуахъуэ, бел, напIэлъэщ.

УкIыгъэр зыхъужьауэ зыхуагъэфащэр яубыдащ. Сабийм и хьэдэр суд-мед экспертизэм яшащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Іуэхущапи Іэ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр щыщIидэкIынур щэкIуэгъуэм и 18-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылacэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жъуэм зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Иcтэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жъуэм зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьлагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапи Іэхэм я дзлъжьныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ерэгъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапи Іэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъэхуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жъуэм яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткьым.

Газетыр Іэ тезыхьахэм яхуэныкьуэ и щIалэр щыIэ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щяныкIэ жъуэм ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елъэжьахэщ: жъуэм зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактор Жылаcэ Замир, корректорхэр Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, Бащэ ФатIимэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Нуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр яцIащ* Ныр Саидэрэ Мэлбахьуэ Анжелэрэ, *суэрэтехэм елъэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №3208